# नेनाक बाइबिल

प्रस्तुति

# पौलुसक चमत्कारिक यात्रा



*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Janie Forest
Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen


*अनुवाद*: Ashish Paul


*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.





यीशुक सेवक पौलुस आओर सिलास जेल में बंद छलाह। नहि। ओ सभ तऽ किछु गलत काज नहि कएने छलाह - ओ सभ एक दुष्टआत्माक एक स्त्रीक देहि सँ बाहर कएने छलाह। ओ मूर्ति पूजय वला सभ कऽ जे फिलिप्पी में रहैत छलाह हुनका सच्चा परमेश्वरक सामर्थ्य देखाबअ चाहैत छलाह आओर हुनक पुत यीशु मसीह कऽ सामर्थ्य देखाबअ चाहैत छलाह। एहि कारणें हुनका सभक गिरफ्तार भेल छलाह आओर बांहिन कऽ बंदि बनाबल गेल छलाह।






अहाँ शायद सोच सकैत छी जे पौलुस आओर सिलास क्रोधीत भ गेल होयताह। मुदा ओ सभ क्रोधीत नहि भेलाह। सत् तऽ ई अछि जे ओ सभ मध्य राति में परमेश्वरक महिमाक लेल गीत भजन गाएब रहल छलाह। समस्त कैदी सभ आओर जेलक अधिकारी भजनक सुनलिन।
3
अचानक गीत भजन रूकि गेल। परमेश्वर भूकंपक पठा कऽ जेलक हिला देलिन। सभटा दरबाजा खूलि गेलैक। अऽ सभ गोटेक हतकढ़ी सेहो ढिल्ला भऽ गेलैक।
4
ओ - हो। जेलक हाकिमक ई पूरा विश्वास भऽ गेलिन जे सभ कैदी मोकाक फैदा उठा कऽ भाग गेल होयताह। ओहि में सँ जँ एकोटा कैदी भागि गेल होयत तऽ हुनका मृत्यु दण्डक सजा भऽ जएतिन। दुःखी भऽ कऽ जेलक अधिकारी स्वयं कऽ नाश करबाक लेल तलवार निकाललिन। ओ चाहैत रहैथि जे स्वयं कऽ तुरंत समाप्त कऽ दैक।
5
मुदा पौलुस ठीक ओहि समय पऽ सौर पारलिन अपना आप कऽ खतम नहि करियौक, किएक तऽ हमरा सभ एहिठाम सभ केओ नहि भागल छथि - जहन जेलक अधिकारी एहि बातक देखलिन तऽ बाएज उठलाह हम उद्धार प्राप्त करबाक कि करब ? ओ सभ कहलिन प्रभु यीशु मसीह पऽ विश्वास करब तऽ अहाँ आओर अहाँक घराना उद्धार प्राप्त करत। जेलक अधिकारी आनन्दित भऽ कऽ यीशु मसीहक उपर विश्वास कएलिन।
6
दोसर रोज जेल सँ रिहा भेलाक बाद पौलुस आओर सिलास बहुत जगहक आओर नगर नगर भ्रमण कऽकऽ यीशुक विषय में बतौलिन। किछु लोक तऽ विश्वास कएलिन मुदा आन लोक सभ हुनका सभक हानी पहुँचएबाके कोशिश कएलिन। मुदा परमेश्वर अपन सेवक सभक संगे रहैथि।
7
एक राति पौलुस घोटों प्रचार कएलिन। एक युवा जे खुलल खिड़की सँ सट कऽ बैसल रहैथि ओ नीचाँ निंदक कारणें खैस पड़लाह। अहाँ सोच सकैत छी कि भेल होयत।
8



सभ केओ जानैत रहैथि
जे युवा मरि गेल छथि।
मुदा पौलुस नीचाँ जा कऽ
हुनका गला लऽगौलिन
आओर कहलिन “हिनक
प्राण तऽ हिनके में छनि“
ओ सभ ओहि युवा
कऽ जीवित आनलाह
अऽ ओ सभ बड़
आनन्दित छलाह।
9



युरोप कऽ भ्रमणक काल में पौलुस आओर सिलास बहुत
सहासिक काजक कएने रहैथि ओहि में सँ सभ सँ बेसी
सहासिक काज छल जहन ओ एक जहाज में सवार छलाह।
ओ सभ तऽ समुद्रक ठीक सँ जानयवला
नहि छलाह मुदा ओ सभ जहाजक
चलावैत रहैथि
आओर ओ सभ बड़
असानी सँ समुद्री
तूफान सँ निकल
सकैत छलाह।
10



पौलुस तऽ जहाज में एहि द्वारें छलाह कारणें
हुनका पुनः गिरफतार कएल गेल रहिन। अब
हुनका रोमी सम्राटक सनमुख में पेश होयबाक
रहिन। ओहि काल में ओ संसारक राजधानी छल।
11



तेज बियार जहाजक नीचाँ कऽ देने छल। अऽ लागेत छल
जे आन्धी जकाँ मौसम भऽ गेल अछि। पौलुसक लेल
आओर आन कैदीक लेल ई बड़ कठिन यात्रा छल आओर
जहाजक चलाबय वलाक लेल सेहो ई कठिन यात्रा छल।
12


“लोक सभ, हमर अपन मानाई अछि जे ई
समुद्रि यात्राक अन्त दुःखद होयत, पौलुस
चेतावनी देलिन। मुदा जहाजक कपतान
एहि बातक उपर ध्यान नहि देलिन।
आओर ओ समुद्र में
आगाँ बढ़ि गेलाह।
13



जहन एक भयंकर आंधी आएब कऽ हुनका
सभ सँ टकरौलैक ओ सभ रस्सा सँ
जहाजक बांहिन देलखिंन्ह ई सोचक जे
जहाजक कोनो हिस्सा हवाक तेजी सँ
नहि टूटत। अऽ जँ जहाज टूटि
जैयतैक तऽ बड़ भारी खतरा
सभ गोटेक लेल भऽ
जएतिन किएक तऽ
ओहिठाम समुद्र बहुत
बेसी गहीर रहैक।
14



जहाजक भारक अधिकताक कारणें जहाज बहुत बेसी हिलनाई
शुरू कऽ देने रहैक, कप्तान सभ गोटे सँ आग्रह कएलखिंन्ह
जे जहाजक कने हल्का करय में मदद करू अऽ तेसर
रोज ओ सभ जहाजक रस्सा कऽ
खोलि कऽ फेंक देलखिंन्ह।
शायद किछु
एहि सँ हुनका
सभक सहायता
भऽ जाएक।
15


राति में एकटा स्वर्गदूत पौलुसक सन्मुख में उपस्थित भऽ कऽ
हुनका सँ कहलिन जे सभ किछु निक भऽ जाएत। पौलुसक
बातक सूनि कऽ ओतुकऽ लोक सभ बहुत बेसी उत्साहित
भेलाह। धिरज धरू किएक तऽ हम विश्वास
करैत छी जे ओ बाएजैत छथि वैह ओ करैत
छथि। अब जे हुएक एहि
द्विप पऽ तँऽ हमरा
सभ गोटेक चलबाक
अछि।
16



किछु दिनक बाद, मालटा द्विपक लग जहाज उधिया गेलेक।
ई एकटा चट्टान सँ टकरा कऽ टूकरा टूकरा भऽ गेलैक।
जहाजक कप्तान लोक सभ सँ कहलिन जे सभ हेलबाक लेल
जानैत दी ओ सभ केओ पानि में कूदि कऽ
अपन जान बचा कऽ द्विप् पऽ चलि जाऊँ।
अऽ ओ सभ एहने कएलाएथि। अऽ बांकिक
लोक सभ भी जहाजक टूटल हिस्साक
सहारा सँ किनारा लागि गेलाह।
17


माल्टा द्वीप पऽ परमेश्वर अपन
सामर्थ्यक देखौलिन। जहन ओ सभ
आग जरएबाक लेल लकड़ी जौर कऽ
रहल छलाह तहन ओहि काल में
एकटा नाग पौलुसक काटि लेलकैक।
लोक सभ सोचलखिंन्ह अब तऽ
बहुत जल्दी पौलुस मरि जएताह।
18


मुदा एहि नागक दंश सँ पौलुसक
किछु हानी नहि भेलिन। तहन
लोक सभ सोचअ लगलाह जे
पौलुस देवता थिकाह। बहुत
बीमार लोक सभ पौलुसक लग
में आएल, पौलुस हुनका सभक
लेल प्रार्थना करलखिंन्ह अऽ
ओ सभ निक भऽ गेलाह।
19


अन्तोगत्वा, पौलुस रोम पहुँच गेलाह। मामलाक सुनबाही में
अदालतक दु बरख लागि गैलैक। एहि काल में पौलुस एकटा
भाड़ाक घर लऽ कऽ आगन्तुक अगुवानी करैत छलाह। कि
अहाँ जानैत छी जे पौलुस आगन्तुक ओहि विषय में की
कहलिन ? परमेश्वरेक राजक
विषय में! प्रभु यीशु
मसीहक विषय में! रोम
में पौलुस परमेश्वरक
सेवक छलाह जेना कि ओ
अपन दोसर सभ
यात्रा में रहैथि।
20

"हम बड़ निक लड़ाई लड़ि चुकल छी, हम दौड़क पूरा कऽ नेने छी, हम विश्वास में बनल छी"। पौलुस रोम सँ लिख रहल छथि। पवित्र बाईबल हमरा सभक एहि बातक जानकारी नहि दैत अछि जे पौलुसक अन्त कोनाक भेलिन, मुदा आन सूत्र सँ इ ज्ञात होयत अछि जे राजा निरोक आज्ञा सँ हुनक मूड़ीक छोपल गेल रहिन।






# पौलुसक चमत्कारिक यात्रा


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

प्रेरितक काज 16, 27, 28

***ऋका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** 119:130








*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रुप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुन:यानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* *यहुन्ना* 3:16